

Imfashanyo y'Ubushomeri butewe n' Ikiza (Disaster Unemployment Assistance): Ibibazo Bikunze Kubazwa

Aho nkorera haruzuriwe kandi sinzi niba ngifise akazi, nokor'iki?

Intabuko ya mbere, uzuzwa igisabo gisanzwe c'ubwishingizi bw'ababuz'e akazi(Unemployment Insurance(UI)).Ushobora kwuzuzwa kuri telephone canke biciye ku gisabo c'intango kiri ku murongo w'igisata c'akazi (Department of Labor) my.vermont.gov - [Login](#). Mu gihe kidasanzwe nk'iki,abanda bantu benshi bariko barasaba imfashanyo y'ababuze akazi, kandi urashobora kurindirizwa umwanya muremure. Niba udafise orodinateri, temberera ikigo c'akazi ca VDOL kikwegereye. Ushobora kubona ahakwegereye ngaha: <https://labor.vermont.gov/workforce-development/job-centers>

Imfashanyo y'ubushomeri butewe n'ikiza ni iki (DUA)?

Imfashanyo y'ubushomeri butewe n'ikiza (DUA) ni porogarama ifasha abantu babuze akazi canke bahora bisumamwo kubera ikiza kinini cabaye. Irabaha amahera yigihe gito yo kubafasha kugeza babonye akazi gashasha. DUA itandukanye n'imfashanyo zisanzwe z'ubushomeri.

DUA ikora gute?

Porogarama ya DUA itangwa n' Igisata C'akazi ca Leta Zunz'Ubumwe (Federal Department of Labor) na FEMA (The Federal Emergency Management Administration-Igisata kiraba ivy'ibiza). Nyuma y'uko Umukuru w'igihugu atangaje ikiza gihambaye, FEMA itanga amahera mu gisata ca Leta kijejwe akazi kugirango kirihe imfashanyo za DUA. Intara nayo irishurwa amahera akoreshwa mu gushira mu ngiro iyo porogarama. Muri Vermont, Igisata kijejwe akazi nico kijewe gutanga imfashanyo ya DUA. Igisata c'akazi ca Vermont kizomenyeshya igihe imfashanyo izobonekera giheze gitange imfashanyo ku babikwiye.

Nobona imfashanyo kugeza ryari?

Niyo wemererwa DUA muri Vermont, Ushobora kuronka imfashanyo gushik'indwi 27 nyuma y'uko ikiza gitangajwe. Mu gihe ukubura akazi bizoba vyatewe n'ikiza, ushobora kubandanya uronka imfashanyo.

Ninde ashobora gusaba DUA?

Gusaba DUA, ukeneye kuba ukwije ibisabwa bikurikira:

- a) Waravuye mu kazi indwi imwe nyuma yuko ikiza gitanguye.
- b) Udashobora kuronka akazi kawe.
- c) Akazi kawe katakibaho kubera ikiza canke udashobora kukagerako.
- d) Kuba ari wewe wenyene utunze umuryango wawe kuberako umukuru w'umuryango yahitanwe n'ikiza.
- e) Udashobora gukora kuberako wa mugajwe n'ikiza.
- f) Ntiwoshobora gutangira akazi kuber'ikiza.

Niba utari umwenegihugu w’Amerika, urashobora kuronka DUA niba ufise uburenganzira bwo gukora muri Amerika, ukaba ukwije ibisabwa.

None nkeneye gusaba imfashanyo isanzwe y’abavuye mu kazi mbere ya DUA?

Egome! Ubwirizwa gusaba imfashanyo y’abavuye mu kazi ubwa mbere. Mu gihe utemerewe imfashanyo isanzwe, niho uca usaba DUA. Mugisabo cawe cambere c’abatakaje akazi, uzobazwa noba akazi kawe karakozweko n’ikiza.

Nzoronka amahera angahe?

Igitigiri c’amahera ushobora kuronka ku ndwi kizovana n’imishahara yose umuntu yaronse muri 2022. Niwaba wisumamwo, Imfashanyo yabur’indwi izokwisunga amahera winjije mu kazi ko kwisumamwo muri 2022. Muri rusangi, imfashanyo iharurwa bakoresheje ikigezo kimwe nk’ico bakoresha ku mfashanyo ya UI ya Reta. Uko biharurwa ubisanga kuri [VT Dept Labor - B11Claimant](#).

Ni izihe ntara za Vermont zishobora kubona DUA?

Kuva itariki 18 Mukakaro, izi ntara muri Vermont zemerewe DUA, nkuko byemejwe na FEMA:

- Chittenden (vyatangajwe itariki 20 Mukakaro 2023, gusaba bitarenze itariki 21 Myandagaro 2023)
- Lamoille (vyatangajwe itariki 20 Mukakaro 2023, gusaba bitarenze itariki 21 Myandagaro 2023)
- Rutland (vyatangajwe itariki 20 Mukakaro 2023, gusaba bitarenze itariki 21 Myandagaro 2023)
- Washington (byatangajwe ku ya 20 Nyakanga 2023, gusaba bitarenze ku ya 21 Kanama 2023)
- Windham (vyatangajwe itariki 20 Mukakaro 2023, gusaba bitarenze itariki 21 Myandagaro 2023)
- Windsor (vyatangajwe itariki 20 Mukakaro 2023, gusaba bitarenze itariki 21 Myandagaro 2023)
- Caledoniya (vyatangajwe itariki 24 Mukakaro 2023, gusaba bitarenze itariki 24 Myandagaro 2023)

Ni ibihe vyangombwa noba nkeneye ngo nsabe DUA?

Igihe usaba DUA, ukeneye kuba ufise:

- a) Imumero ya Social Security
 - a. Niba utari umwenegihuge w’Amerika, inumero y’umwimukira hamwe n’italiki izoter’igihe
- b) Izina na adereshe vy’umukoresha wawe wa nyuma
- c) Niba warakoreye mu yindi ntara mu myaka ibiri iheze, izina na adereshe vy’uwo mukoresha

- d) Niba warisumamo, icemeza ivyo ukora mu myaka ibiri iheze (Nk'inkaratasi z'ikori canke inkaratasi z'ibanki)
- e) Niba war'ufise akazi ugiye gutangura ariko ntibishoboke kuber'ikiza, izina na adereshe vy'umukoresha hamwe n'itariki wari gukora.

None ari hamwe igisabo canje kitemewe?

Niba utemeranya n'icemezo cerekeye igisabo cawe ca DUA, ufise iminsi 60 yo kujurira. Ubujurire bwa DUA buzishurwa mu minsi 30. Niyo utemera icemezo kivuye mu bujurire, ufise iminsi 15 yo kujurira mu burongozi bw'intara. Uburongozi bw'Intara buzofata icemezo mu minsi 45 canke 90, bivanye n'igihe baronkeyeko igisabo ca mbere.

Ku nkuru zirenze ngaha rabira ku murongo wacu www.labor.vermont.gov